

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Ieu skripsi judulna ‘‘Pamali dina Kakandungan anu aya di Désa Jayagiri Kacamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII’’. Tujuan anu dihontal dina ieu panalungtikan nya éta: 1) pamali dina kakandungan anu aya di Désa Jayagiri, Kecamatan Lembang, Kabupaten Bandung Barat; 2) adat ngariksa kakandungan, 3) harti jeung fungsi pamali dina kakandungan; jeung 4) pamali pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Téhnik ngumpulkeun data maké téhnik obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Téhnik ngolah data ngagunakeun pendekatan deskriptif analitik.

Pamali dina kakandungan anu aya di Désa Jayagiri Lembang, anu dikumpulkeun tina 4 narasumber aya 62 pamali, anu geus dipasing-pasing dijeroná yén 50 kaasup kana ajén atikan moral, 5 kaasup ajén atikan sosial, jeung 7 kaasup ajén atikan agama.

Dina adat ngariksa nu kakandungan di Sunda téh raket pisan patalima jeung sistim kapercayaan urang Sunda, anu boga sipat percaya kana tahayul. Tahayul anu dipercaya ku masarakat Sunda kaasup kana folklor sabagian lisan. Tarékah pikeun ngajaga éta kakandungan ti nyiram nepi ka ngaruju salapan bulan éta dilakukeun ku rupa-rupa cara saperti, ngayakeun salametan atawa sodakah, mekelan nu kakandungan ku barang-barang anu dipercaya miboga kakuatan tolak bala atawa salaku jimat, merhatikeun tur ngajaga sangkan nu kakandungan teu ngarempak pantrangan karuhun.

Kecap pamali sarua hartina jeung pantrangan atawa larangan sepuh urang anu maksudna teu meunang ngalakukeun hiji pagawéan lantaran sok aya matakna. Upama pamali éta dirempak, tangtuna bakal aya balukar atawa mamala keur anu ngarempakna. Pamali mangrupa salahsiji folklor sabagian lisan anu masih kénéh Sri Apriyanti , 2015

**PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN
BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

hirup di masarakat urang Sunda, adat pamali sabenerna lamun dijujut ku élmu atikan, éta mangrupa wahana atawa wadah keur ngatik jeung ngadidik, sangkan dina ngalakokan kahirupan miboga patokan keur kahadéan dirina tur keur balaréa. Pamali ngandung hal anu adi luhung, anu ngandung ajén atikan, ahlak, jeung adab sopan santun anu nyamuni disatukangeun kecap pamali éta.

Pamali téh guareun atawa pikiraneun, lantaran éta mah ngan mangrupa cangkangna wungkul da eusina mah nya éta kanyaah kolot pikeun kasalametan diri. Kolot baheula ngabalibirkeun barudak salian ti aya kasieun nu ahirna nurut, ogé aya hal anu sifatna pikiraneun maranéhna. Ku kituna barudak bakal malikir naon harti anu sabenerna tina éta pamali. Tina prosés mikir, tangtuna budak bakal tumanya ka kolotna, naon harti anu sabenerna. Éta husus keur budak anu mikir jeung talété, di dinya palebah éta pamali ngandung unsur atikan téh. Pamali boga harti sarta fungsi anu dijérona aya ajén-ajén nya éta ajén atikan moral, sosial jeung agama. Pamali ogé mangrupa bémenténg keur pribadi hiji jalma dina upaya ngajaga diri tina hal-hal anu matak ngarugikeun, boh keur dirina atawa kulawarga, boh keur balaréa. Kolot urang boga kanyaah keur anak turunana sangkan jaradi jalma anu baroga ahlak anu haradé anu saluyu jeung ajaran agama, anu didadasaran ku adat jeung istiadat.

Hasil panalungtikan ngeunaan pamali dina kakandungan bisa dijadikeun bahan pangajaran maca atikel budaya di SMA kelas XII. Pikeun kahareupna kawilang hasil atawa henteu ieu bahan pangajaran maca bahasan, gumantung kana téhnik jeung métode anu digunakeun ku guru. Salian ti éta, guru kudu nyaluyukeun bahan pangajaran jeung kamampuh sarta kaayaan peserta didik sangkan bisa ngahontal tujuan pangajaran anu dipimaksud.

5.2. Saran

Sabada rengsé nalungtik pamali dina kakandungan, karasa pisan mangpaatna pikeun nu nyusun. Salian ti bisa nyaho kana rupa-rupa pamali dina kakandungan, nu nyusun ogé bisa nyaho adat ngariksa kakandungan urang Sunda, harti jeung fungsi pamali dina kakandungan éta.

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Hasil panalungtikan sangkan leuwih mangpaat jeung karasa ku balaréa, nu nyusun méré saran ka nu nalungtik saterusna, Lembaga Pendidikan, jeung masarakat umum. **Kahiji** nu nalungtik satulunya. Ieu panalungtikan masih kénéh aya kakurangan, pikeun nu nalungtik satulunya kudu bisa ngaguar leuwih jero deui ngeunaan pamali dina kakandungan sangkan ajén-inajén anu nyampak dina pamali kakandungan ada bisa kaguar sacara maksimal. **Kadua** Lembaga Pendidikan. Ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran, hususna dina pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII, sabab hasil panalungtikan ngandung ajén budaya jeung kaarifan lokal anu bisa ditepikeun ka peserta didik sangkan maranéhna salaku nonoman Sunda wanoh kana kabudayaan Sunda salasahijina nya éta pamali dina kakandungan di Désa Jayagiri anu antukna bakal ngajénan kana kabeungharan warisan karuhun. **Katilu** Masarakat umum. Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi hiji sarana pikeun masarakat umum mikawanooh leuwih jembar ngeunaan rupa-rupa pamali dina kakandungan minangka salasahiji kaarifan lokal warisan karuhun anu ngandung siloka tur mangpaat pikeun kasalametan diri.